

REPUBLIQUE DU BURUNDI



PRESIDENCE DE LA REPUBLIQUE
Secrétariat Général de l'Etat

**ITANGAZO RY'INAMA Y'ABASHIKIRANGANJI N°2 YO KU WA
GATATU IGENEKEREZO RYA 16 RUHUHUMA 2022**

Inama y'Abashikiranganji yarakoranye kuri uyu wa Gatatu igenekerezo rya 16 Ruhuhuma 2022, i Bujumbura, irongowe na Nyakwubahwa Icegera c'Umukuru w'Igihugu Prosper BAZOMBANZA, atumwe na Nyenicubahiro Umukuru w'Igihugu, Jenerari Majoro Varisito NDAYISHIMIYE.

Nyakwubaha Icegera c'Umukuru w'Igihugu ahejeje gushikiriza urutonde rw'ivyihwezwa muri iyo nama, yaciye aha umwanya Nyakwubahwa Umushikiranganji wa Mbere ngo ashikirize ivyavuye mu nama itegura iyo nama nshikiranganji yarongoye kw'igenekerezo rya 10 Ruhuhuma 2022, ivyihwejwe navyo bikaba ari ivyari ku rutonde rw'ivyigwa.

Umushikiranganji wa Mbere ahejeje gushikiriza icegeranyo Nyakwubahwa Icegera c'Umukuru w'Igihugu, ivyihwejwe ni ibi bikurikira:

- 1. Integuro y'umugambi w'ingene abategetsu n'abakozi ba Reta bokwitunganiriza imigambi canke ibindi bikorwa bazorangura iyo ikiringo c'amabanga yabo kirangiye, yashikirijwe n'Umushikiranganji w'abakozi ba Reta n'akazi.**

Intumbero y'uwo mugambi ni uko abategetsu canke abakozi ba Reta bogira ico baterereye mw'iterambere ry'igihugu, bakitunganiriza imigambi canke amashirahamwe matomato atanga akazi mu rwaruka iyo bavuye mu mabanga bari bashinzwe.

Uwo mugambi ushaka gutuma abantu bava mu buzi bwa Reta hakiri kare batarindiriye imyaka yo gukukuruka, kugirango bakore iyindi mirimo babona bashimye kandi yobagirira akamaro.

Nkako, ibiharuro vyerekana ko ibice bishika mirongo irindwi na bitanu kw'ijana (75%) vy'abashinzwe amabanga atandukanye n'abandi bakozi ba Reta batarashikana imyaka yo gukukuruka basaba gusubira mu buzi bwa Reta iyo ibiringo vyabo birangiye, aho kwiyumvira imigambi yindi borangura.

Nico gituma Ubushikiranjanji bw'abakozi ba Reta n'akazi bwiyumviriye uwo mugambi wo gufata mu mugongo uwo wese yokwiyumvira imigambi yindi aho kubona ko ubuzima buri mu kazi ka Reta gusa.

Hazokwigwa uburyo hoshingwa ikigega coshigikira abafise iyo migambi.

Inama nshikiranjanji yari yarihweje iyo nteguro mu nama yayo yo kw'igenekerezo rya 3 Ruhuhuma 2021, irashikiriza ivyiyumviro vyofatirwako kugirango uhinyanyurwe neza.

Inama nshikiranjanji yihweje iyo nteguro y'umugambi yashikirijwe, yasanze yahinyanyurwe mu ntumbero yari yatanze ica **irayemeza**, muvuyo yashikirije hakaba harimwo ibi bikurikira :

- Kumenyekanisha akamaro k'uwo mugambi ku bo wega;
- Gushiraho amategeko aza ashigikira uwo mugambi;
- Guhindura ingingo zimwe zimwe ziri mu mategeko zotuma uwo mugambi utaja mu ngiro neza, nk'igitabu c'amategeko agenga abakozi ba Reta kivuga ko umukozi wayo agiye mu yandi mabanga arangije ikiringo ciwe aca asubira muri Reta, ndetse n'uwutigeze aba umukozi wa Reta mugabo agiye mu mabanga arungitswemwo na Reta ahejeje ikiringo aca ategerezwa kuronka akazi muri Reta;
- Mu ntumbero yo gufasha ishira mu ngiro ryiza ry'uwu mugambi, mu bisabwa mu kuja mu mabanga asaba kubanza kwitoza, imyaka isabwa yoduzwa umuntu akayajamwo ariko aregereza imyaka yo gukukuruka, gurtyo akazoheza ikiringo adasubira kuja kurondera akazi muri Reta;

2. Integuro y'ibwirizwa risubiramwo ingingo zimwe zimwe z'igitabu c'amategeko agenga ugukingira no gutegekaniriza kazoza abakozi no kuduza agahembo k'abakukuruke bakoreye Reta, yashikirijwe n'umushikiranjanji ajejwe gushigikirana, imibano, agateka ka zina muntu n'iterambere ridakumira

Mw'ijambo ryiwe yashikirije kw'igenekerezo rya 18 Ruheshi mu mwaka wa 2020 igihe yashikirizwa amabanga, Nyenicubahiro Umukuru w'Igihugu c'Uburundi yarerekanye ishaka rya poritike afise ryo gutuma abakozi bakukurutse babaho neza mu bijanye n'ugukingira n'ugutegekaniriza kazoza abenegihugu, intumbero nyamukuru akaba ari iyo kuronsa uwukukurutse ipansiyo ingana n'imiburiburi n'umushahara yari agezeke.

Ibwirizwa Shingiro rya Repuburika y'Uburundi mu ngingo yaryo ya 27 rivuga riti : « Reta iritaho, mu buryo bwose bushoboka, ko abenegihugu baronka uburyo bukwiye bwo kubaho bubereye zina muntu». Mu ntumbero yo kwubahiriza iyo

ningingo y'Ibwirizwa Shingiro, Reta y'Uburundi yaratangaje Ibwirizwa inomeru 1/12 ryo ku wa 12 Rusama 2020 ryerekeye Igitabu c'amategeko agenga ugukingira n'ugutegekaniriza kazoza abenegihugu mu Burundi.

Kimwe mu bisata vy'ugukingira n'ugutegekaniriza kazoza abenegihugu, ni igisata c'ivyerekeye amapansiyo kijejwe kurangura ivyategekanirijwe abasaza, abamugaye hamwe n'ibikorera abasigwa b'uwategekanirijwe kazoza bishobora gukorera abanywanyi canke abafise uburenganzira ku matungo yabo bakwije ibisabwa n'amategeko.

Ariko, uko imyaka yagiye iragenda, vyaribonekeje ko amafaranga y'amapansiyo ahabwa abategekanirijwe atagishoboye gutuma babaho uko bibereye hafatiwe ku kugene ubuzima buzimvye. Benshi mu bakozi ba Reta iyo begereje ikiringo c'ugukukuruka ntibahora babona neza kazoza kabo kandi bigatuma bahagarika umutima.

Reta, izirikanye ivyo itegerejwe n'Ibwirizwa Shingiro vyerekeye kuronsa uburyo bwotuma abantu bayihebeye igice c'ubuzima bwabo c'ugukora akazi babaho mu buryo bubereye, yarerekanye ishaka ryo kwongereza, ubwa mbere, igitigiri c'amafaranga y'ipansiyo y'ubusaza ku bakozi ba Reta, abacamanza, abakozi bakuru ba Reta, abakozi bo mu rwego rw'ubutungane n'abari mu rwego rw'ukwivuna abansi n'abari mu rwego rw'umutekano, no kuzokurikiza mu nyuma iyo ngendo nyene mu gisata c'amashirahamwe yegamiye Reta n'ic'abikorera utwabo.

Ishaka rya Reta ni gushika ku ntumbero nyamukuru yo kwongereza amafaranga y'ipansiyo y'ugukukuruka, kugira ashobore kungana n'imiburiburi n'umushahara wa nyuma umukozi yahembwe imbere yuko akukuruka.

Harakozwe ivyigwa bikaba vyarerekanye ko amashirahamwe ategekaniriza kazoza abenegihugu ashobora gushira mu ngiro iyo poritike ya Reta ata ngorane ku bategekanirizwa kazoza bo mu gisata ca Reta.

Ariko, kubera ko ingingo zo mu Gitabu c'amategeko agenga ugukingira n'ugutegekaniriza kazoza abenegihugu mu Burundi zijanye n'ingene haharurwa uko ipansiyo y'ubusaza ingana zitagihuye n'ivyasubiwemwo mu gisata c'ugukingira n'ugutegekaniriza kazoza abanyagihugu, ku gice cerekeye ipansiyo y'ugukukuruka, hategerezwa kuba amategeko mashasha atuma amashirahamwe y'ugukingira n'ugutegekaniriza kazoza abenegihugu ashira mu ngiro iyo ngingo.

Inama nshikiranganji imaze guca hirya no hino iyo nteguro, **yarayemeje**, ivyashikirijwe navyo bikaba ari ibi bikurikira:

- Pansiyo y'umukukuruke izogana n'umushahara wa nyuma wo ku kwezi yari agezeke;
- Ugukukuruka imyaka itarakwira bisabwa iyo umuntu ashigaje n'imiburiburi imyaka itanu ngo akukuruke, kandi iyo amaze imyaka ishika cumi n'itanu (15) mu kazi ;
- Iharurwa rya pensiyo ritegerezwa kuba rimwe kuri bose. Iharurwa hafatiwe ku mushahara w'ibanze kuko iharuriwe ku mushahara wose atakivuyeko, umushahara nyezina umukozi aronka woca igabanuka, ivyo navyo bikaba vyoca bija kubiri n'ico Reta yashaka gushikako;
- Uwusavye gukukuruka hataragera kubera umuntu akitswe n'amagara kandi bikerekanwa neza n'ababifitiye ububasha azovyemerwa, ariko ari ku zindi mvo z'umuntu bwite umukoresha niwe azovyihweza, aravye inyungu z'akazi agashobora kuvyanka ;
- Uwukukurutse imyaka itarakwira aca atangura kuronka pansiyoyiwe kiretse iyo aciye aja gukorera umushahara ahandi;
- Kugirango uwo mugambi wa Reta ushobore kubandanya inyuma y'ikiringo c'imyaka cumi, Reta izotora hagati yo kuduza amahera yahora iziganiriza umukozi canke ishireho buke buke ikigega kizoshigikira uwo mugambi inyuma c'ico kiringo.

3. Integuro y'itegeko risubiramwo itegeko n°100/26 ryo ku wa 15 Ruhuhuma 2017 rishinga rikongera rigatunganya Ihuriro ry'abakenyezi, yashikirijwe n'umushikiranganji ajejwe gushigikirana , imibano, agateka ka zina muntu n'iterambere ridakumira

Ihuriro ry'abakenyezi ryashinzwe mu muri Munyonyo 2012, rikaba ryari rifise ikiringo c'imyaka ibiri.

Vyaribonekeje ko ico kiringo ari kigufi cane, bica bituma itegeko ryarishiraho risubirwamwo mu mwaka w'2017 ikiringo kija ku myaka ine ishobora kwongerwa rimwe, kandi kigaherana n'uko hatowe abandi.

Iryo tegeko nyene riravugaga y'uko iyo bishitse ntibikunde ko hatorwa abandi ku mvo zitabavuyeko, abasanzwe bahari barabandanya mu kiringo kitarenza imyaka ibiri.

Kubera rero bitari vyoroshe gutora bashasha kubera amatora yariko arategurwa ku rwego rw'igihugu muri ico gihe nyene, ikiringo c'abatowe carongewe igihe c'imyaka ibiri.

Ico kiringo rero carangiye muri Ruhuhuma 2019.

Iyi nteguro ije kugirango hashobore kujaho abandi basha nk'uko amategeko abivugaga.

Iyi nteguro irasubiramwo kandi ingingo zimwe zimwe zitakijanye n'ibihe.

Inama nshikiranganji imaze kwihweza iyo nteguro, yarayemeje mu vyo yashikirije hakaba harimwo ibi bikurikira :

- Gusuzuma ko ata mirimo yinjiranamwo n'iy'ubushikiranganji;
- Ikiringo coja ku myaka ine ;
- Mu gutora abiyongera ku batowe (cooptation) , abanyeshule ntibojamwo;
- Muri iyi nteguro bovuga abakenyezi gusa bagakuramwo abigeme ;
- Umutambukanyi w'Umukuru w'Igihugu n'Abatambukanyi b'abahoze ari Abakuru b'Igihugu boranka uburenganzira bwo gutora;
- Ntibikenewe gushira muri iri tegeko ko uwujya mw'ihuriro ku rwego rw'umutumba aba azi gusoma no kwandika.

4. Integuro y'ibwirizwa ryemeza amasezerano y'imfashanyo ishira hamwe mpuzamakungu rijejwe iterambere ryaronkeje Reta y'Uburundi izofasha mu mugambi MERANKABANDI wa Kabiri, yashikirijwe n'umushikiranganji ajejwe gushigikirana, imibano, agateka ka zina muntu n'iterambere ridakumira

Mu ntumbero yo gushigikira ibikorwa bija imbere y'ibindi mu mugambi wo gutegekaniriza kazoza abenegihugu, mu mwaka w'2017, Reta yaratanguje umugambi MERANKABANDI ujejwe gushigikira imiryango ikenye kuruta iyindi, mu kuyironsa udufaranga dukeduke, ukongera ukayikurikiranira hafi, no mu gukomeza uburyo bwo kwitegekaniriza kazoza.

Uwo mugambi waranguriwe mu Ntara za Ruyigi, Karusi, Gitega, na Kirundo, urafasha imiryango ibihumbi mirongo itanu na bitandatu (56 000).

Isuzumwa ryakozwe be n'ivyemezo vy'abaronkejwe iyo mfashanyo bigaragaza ko uwo mugambi wabaye kirumara mu gufasha izo ngo kurangura ibikorwa bibateza imbere, baraja mu mashirahamwe, bararangura ibikorwa bijanye n'uburimi n'ubworozi, barashobora kwivuzza, isuku ririyongera, barashobora no kwigisha abana, n'ibindi.

Kubera ivyashitsweko bishimishije, Reta y'Uburundi yarasavye Ibanki y'Isi yose ko uwo mugambi MERANKABANDI worangurirwa mu gihugu cose, iyo Banki ikaba yaremeye gutanga miliyoni ijana na mirongo itanu(150) z'amadolari y'abanyamerika.

Ubwo buryo butegekanijwe muri uwo mugambi buzokora muri ibi bice bitandatu bikurikira :

- Kuwukwiragiza mu gihugu cose
- Ibikorwa bizana umwimbu no kugwiza akazi

- Guteza imbere ugutegekaniriza kazoza abenegihugu
- Gushira impunzi mu bategekanirizwa kazoza
- Gukurikiranira hafi ibikorwa vy'uwo mugambi
- Ibikorwa vyihuta

Bishasha uwu mugambi MERANKABANDI wa kabiri uzanye ni ibi bikurikira:

- Intunganyo yawo : gushira imbere kugwiza umwimbu aho gukoresha ivyo umuntu ahawe gusa;
- Kugwiza ibisata bigize uwo mugambi bikava kuri bitatu bikaja kuri bitandatu ;
- Gukorera mu gihugu cose aho gukorera mu ntara zine gusa.

Ayo masezerano azotangura kuja mu ngiro mu minsi mirongo icenda ikurikira kuva ashizweko umukono.

Inama nshikiranganji imaze kwihweza iyo nteguro, **yarayemeje.**

5. Integuro y'ibwirizwa ryemeza amasezerano yo gufashanya asubiwemwo hagati ya Reta iharanira demokarasi ya Kongo na Reta y'Uburundi, yashikirijwe n'umushikiranganji ajejwe imigenderanire y'Uburundi n'amakungu no gufashanya mw'iterambere

Reta y'Uburundi n'Inama nshingwabikorwa ya Repuburika ya Zaire zarashize umukono ku masezerano yo gufashanya mu vy'ubutunzi, imico kama, ubuhinga n'imibano mu mwaka w'1980.

Mu kwezi kwa Mukakaro 2021, Nyenicubahiro Umukuru w'Igihugu c'Uburundi yaragendeye igihugu ca Repuburika iharanira demokarasi ya Kongo, ico gihe ivyo bihugu bifata ingingo yo kunagura no gukomeza ubucuti no gufashanya.

Muri Nyakanga 2021, hacye hashirwa umukono ku masezerano asubiwemwo yo gufashanya hagati y'ivyo bihugu.

Ayo masezerano akeneye kwemezwa kugirango ashobore gushirwa mu ngiro. Nico gituma iyi nteguro yashikirijwe.

Inama nshikiranganji imaze guca hirya no hino iyo nteguro, **yarayemeje.**

6. Integuro y'ibwirizwa ryemeza amasezerano hagati ya Reta y'Uburundi n'ingoma ya Arabiya Sawudite ajanye no kurondera abakozi muri rusangi, n'ayajanye no kurondera abakozi bo mu nzu, yashikirijwe

n'umushikiranjanji ajejwe imigenderanire y'Uburundi n'amakungu no gufashanya mw'iterambere

Ubwimukira ubu buri kw'isi yose kandi buguma bwiyongera. Ibihugu vyinsi biravamwo abakozi b'abimukira, bagaca mu bindi bihugu, bagashika iyo baja.

Uko kwimuka kw'abakozi kurashobora kugira ingaruka nziza kw'iterambere ry'ivyo bihugu vyose.

Iyo bitunganijwe neza mu bihugu abo bakozi bavamwo, ivyo bihugu birahagirira akunguko, haba mu mahera abo bakozi barungika iwabo, canke ku buhinga n'ubumenyi batahukana iyo barangije imirimo yabajanye.

Ariko naho biri uko, abimuka bidaciye mu mategeko baratera ingorane zikomeye cane mu bijanye no kubakingira mu kazi.

Reta y'Uburundi imaze kubona akamaro kw'ubwo bwimukira, irajwe ishinga kandi no gutorera inyishu ingorane zishobora kwibonekeza, iriko irakora ibishoboka kugirango ikurikirane neza ingene abakozi b'Abarundi baja gukora mu bindi bihugu, mu gushiraho amategeko yokwisungwa n'ibihugu bajamwo, nk'ingoma ya Arabiya Sawudite, ku nyungu z'abo bakozi, abakoresha, be n'ivyo bihugu uku ari bibiri.

Nico gituma Reta y'Uburundi n'Ingoma ya Arabiya Sawudite vyashize umukono ku masezerano abiri, amwe yerekeye abakozi muri rusangi, ayandi nayo yerekeye abakozi bo mu nzu, kw'igenekerezo rya 3 Gitugutu 2021 i Riyad muri Arabiya Sawudite.

Birakenewe rero ko ayo masezerano yemezwa kugirango ashobore gushirwa mu ngiro.

Inama nshikiranjanji imaze kwihweza izo nteguho z'amabwirizwa, **yarazemeje**.

7. Integuro y'ibwirizwa ryemeza amasezerano hagati ya Reta y'Uburundi na Reta ya Bresil mu bijanye no gufashanya mu gisata c'indero, yashikirijwe n'umushikiranjanji ajejwe imigenderanire y'Uburundi n'amakungu no gufashanya mw'iterambere

Mu ntumbero yo gukomeza ubucuti no gufashanya, Reta y'Uburundi na Reta ya Bresil barashize umukono ku masezerano makuru yo gufashanya mu vy'ubuhinga kw'igenekerezo rya 25 Myandagaro 2009.

Mw'ishirwa mu ngiro ry'ayo masezerano, harashizwe imikono ku yandi masezerano ajanye n'ibisata, nko mu vyerekeye indero, kw'igenekerezo rya 13 Munyonyo 2018. Ayo masezerano rero bisabwa ko yemezwa.

Uburundi buyemeje, buzoba bufashije mw'ishirwa mu ngiro ry'ayo masezerano akurira ayandi mu gufashanya mu bijanye n'ubuhinga ivyo bihugu bibiri vyashizeko umukono.

Uburundi buzoba bufashije kandi mw'ishirwa mu ngiro ry'umugambi wo ku rwego rwa Afrika ujanye n'ivy'indero watanguye mu mwaka w'2016 ukazorangira mu 2025.

Inama nshikiranganji imaze kwihweza iyo nteguro, **yarayemeje**.

8. Integuro y'itegeko risubiramwo itegeko n°100/218 ryo ku wa 20 Myandagaro 2013 rigenga itangwa ry'ibitabu vy'inzira vy'icubahiro mu Burundi, yashikirijwe n'umushikiranganji ajejwe imigenderanire y'Uburundi n'amakungu no gufashanyo mw'iterambere

Itangwa ry'ibitabu vy'inzira vy'icubahiro ubu rigengwa n'itegeko ryo mu mwaka w'2013.

Aho hagiriyeho ibwirizwa nshingiro rishasha mu mwaka w'2018, harabayeho impinduka mu bijanye n'itunganywa ry'inzego. Birakenewe rero ko iryo tegeko ryo mu mwaka w'2013 risubirwamwo rikisunga ingene inzego zubatse muri iki gihe, no kugirango igitigiri c'ivyo bitabu vy'inzira kigabanuke.

Iyo nteguro kandi irongera ikiringo ico gitabu c'inzira kizomara, kikava ku myaka itanu kikajya ku myaka cumi, gurtyo uburyo Reta yahora ikoresha mu kugura ivyo bitabu bukaganuka.

Inama nshikiranganji imaze guca hirya no hino iyo nteguro, **yarayemeje**, muvuye yasavye hakaba harimwo ibi bikurikira :

- Abashingamateka n'abakenguzamateka barangije ikiringo cabo, ico gitabu c'inzira kitarata igihe boguma bagikoresha gushika ikiringo caco giheze;
- Abagize umuryango w'uwufitiye uburenganzira ico gitabu c'inzira nabo nyene bokironswa;
- Kwongera ku rutonde rw'abafise uburenganzira kuri ico gitabu c'inzira abajewe gutunganya ivyo ku kirimba c'Icegera c'Umukuru w'Igihugu n'Umushikiranganji wa Mbere, n'Umyamabanga Nshingwabikorwa w'Inama Nkuru y'Umutekano

9. Urwandiko rwerekana intumbero y'ingene amahera azokoreshwa na Reta mu mwaka w'2022 ushira uw'2023 azotegurwa, rwashikirijwe n'Umushikiranganji w'ikigega ca Reta no gutunganya imigambi y'iterambere

Urwo rwandiko rwateguwe hisunzwe ibwirizwa n°1/35 ryo ku 04 Kigarama 2008 rijanye n'itunganywa ry'amahera ya Reta, be n'itegeko ryerekana ikirangaminsi c'ingene amahera Reta izokoresha ategurwa.

Iryo tegurwa ry'amahera Reta izokoresha rizokwisunga uburyo bushasha buhari mw'itunganywa ry'amahera ya Reta, intumbero ikaba ari uko ibintu bikorerwa ku mugaragaro kandi bigakorwa neza.

Uru rwandiko rufatira ku vyo Reta ishira imbere y'ibindi nk'uko bitegekanijwe mu mugambi w'igihugu w'iterambere.

Reta ifise ihangiro ry'uko uburyo bukoreshwa buba koko isoko ry'iterambere.

Inama nshikiranganji imaze guca hirya no hino urwa rwandiko, **yararwemeje** ica isaba ko iruhande y'ibizoshirwa imbere y'ibindi hokongerwako ibi bikurikira:

- Gushigikira urwego rw'ubucamanza ;
- Gushigikira intahe yo ku mugina kugirango itangure gukora;
- Kugura intebe abana bicarako no gusanura inyubako z'amashule asinziyaye kuruta ayandi;
- Gukwiragiza ubuhinga bwa none ngurukanabumenyi mu buzi bwa Reta.

Inama nshikiranganji yasavye kandi ko hokwerekanwa ingingo nshasha zafashwe mu ntumbero yo kwongereza amahera yinjira mu kigeza ca Reta.

Kuri ivyo nyene, inama nshikiranganji yaribukije ko amahera yinjira mu bisata vya Reta vyose, yaba amakomine canke amashirahamwe yegamiye Reta, ategerezwa kuboneka nk'ayinjira mu gihugu, no mu yo Reta izokoresha agaharurwamwo. Ni kugirango amenyekane, si ukuvuga ko Reta izoba yatse ivyo bisata ububasha bwo kuyakoresha.

Inama nshikiranganji yasavye kandi ko Igisata co mu gipolisi kijejwe uruja n'uruza (PAFE ya kera) coronswa uburyo bwo gukora mu mwaka w'2022 ushira uw'2023.

10. Urwandiko rujanye no gusaba uburengenzira bwo gutangaza ibijanye no kwubaka ingomeru z'umuyagankuba, rwashikirijwe n'umushikiranganji ajejwe amazi, amasoko ntenganguvu, ubutare n'agataka

Mu gihugu cacu, umuyagankuba uhari n'uwuriko urahingurwa uguma udakwiye, hafatiwe ku bawusaba baguma biyongera ku munsu ku munsu.

Mw'ishirwa mu ngiro rya wa mugambi w'igihugu w'iterambere mu gisata c'amasoko ntanganguvu, hobandanywa intumbero ngenderwako zo guhingura umuyagankuba no kuwutwara aho utegerezwa gushikanwa.

Muri uru rwandiko, ubushikiranganji busaba uburenganzira bwo gutangaza ibijanye no kwubaka ingomero z'umuyagankuba zaba iziva ku mazi, ku muyaga, ku zuba n'izindi, ku mashirahamwe canke abanyamitahe bo mu gihugu canke b'abanyahanga bipfuzza gukorera muri uco gisata, haba mu kuwuhingura, mu kuwutwara no kuwushikiriza abawipfuzza. Ibibanza bimaze gutorwa ni Ruvubu, Kaburantwa, Rushiha, Kagunuza, Masango, Nyengwe, Ruvyironza, Dama , n'ahandi hakoreshwa imishwarara y'izuba, umuyaga, canke ubundi buhinga .

Ubushikiranganji busaba kandi uruhusha rwo kurondera uburyo mu basanzwe bafashanya n'Uburundi mu migambi y'iterambere kugirango izo ngomero zubakwe n'uwo muyagankuba ushike mu gihugu cose aho utari.

Inama nshikiranganji imaze guca hirya no hino urwo rwandiko, **yaratanze ubwo burenganzira**, ica isaba ko izo nteguro zimaze gutunganywa neza zoshikirizwa inama nshikiranganji.

11.Dosiye yerekeye ihingurwa ry'umuyagankuba uvuye ku mishwarara y'izuba ingana na megawate 7,5 i Mubuga, yashikirijwe n'umushikiranganji ajejwe amazi, amasoko ntanganguvu, ubutare n'agataka

Urwandiko rwashikirijwe n'umushikiranganji ajewe amasoko ntanganguvu rwarimwo inyishu zashikirijwe n'ishirahamwe GIGAWATT GLOBAL BURUNDI yashize mu ngiro uwo mugambi, ku bibazo bitari bwatorerwe inyishu, ivyo navyo bikaba vyari bijanye no gushiraho ubuhinga bwo kuziganya umuyagankuba wavuye mu zuba, be no kugabanya igiciro c'uwo muyagankuba.

Ku bijanye no kuziganya uwo muyagankuba, iryo shirahamwe ryarerekanye ko uwo muyagankuba rihingura atari mwinshi, ko uwuhinguwe uca ukoreshwa ubwo nyene. Ikindi naco ni uko mu nteguro y'uwo mugambi yari yashikirijwe Reta y'Uburundi, ubwo buhinga butari bwategekanijwe.

Ku bijanye no kugabanya ibiciro, ishirahamwe GIGAWATT CLOBAL BURUNDI ryarerekanye ko mu mwaka w'2019 ryagabanuye ibiciro ku bice mirongo ibiri na bitanu kw'ijana (25%), ko gusubira kugabanura ryoca rikora rihomba.

Ishirahamwe GIGAWATT risaba ko ryokwemererwa kudandaza uwo muyagankuba, kuko waramaze gutangura gutangwa, ko uwo watanzwe worihwa, gutrye Reta y'Uburundi ntihave yagirizwa kutubahiriza amasezerano.

Kubw'ubushikiranganji bujejwe amasoko ntanganguvu, urwo ruhusha rwo kudandaza uwo muyagankuba rwatangwa, kugirango iri shirahamwe rishobore no

kurihwa uwumaze gutangwa, hanyuma amasezerano asubiwemwo bumvikanyeko aterwe ko umukono, cane cane ko n'iryo shirahamwe naryo nyene ryari ryabonye ko ayo masezerano yari afise agahaze bakumvikana ivyotosorwa.

Inama nshikiranganji imaze guca hirya no hino urwo rwandiko, yashinze ibi bikurikira:

1. Amakenga Reta yari ifise yari afise ishingiro kuko ayo masezerano yari afise udutosi , natwo tukaba twaratosowe n'izo mpande zibiri ;
2. Ubuhinga bwo gushingura umuyagankuba si nkenerwa kuko uwo muyagankuba ni muke, cane cane ko butari bwategekanijwe mu ntango. ;
3. Igiciro cumvikanyweko kingana n'uduce 13,33 tw'amadolari y'abanyamerika coguma uko;
4. Ni gutangura igikorwa co gushira mu minwe ya Reta itongo rihingurirwamwo uwo muyagankuba nyeneryo Reta ikamushumbusha.
5. Amahera agera ku madolari y'abanyamerika ibihumbi mirongo itanu n'umunani (58 000) yari yategekanijwe kurihwa ku mwaka ku mwaka ku kiringo c'imyaka mirongo ibiri n'itanu nk'ubukote bw'iryo tongo azoca ashirwa mu kigega kizoba kijejwe gusanura ico kigo kizoba gihingura uwo muyagankuba.

Inama nshikiranganji yaciye ishingira ko **ishirahamwe GIGAWATT ryohabwa urwo ruhusha** rwo kudandaza uwo muyagankuba kugirango ririhwe uwumaze gutangwa, be rero n'uko amasezerano asubiwemwo yumvikanyweko yoshirwako umukono.

12.Integuro y'amasezerano y'umwumvikano asubiwemwo hagati ya Reta y'Uburundi, iy'igihugu ca Repuburika iharanira demokarasi ya Kongo, n'iya Reta y'igihugu ca Tanzaniya, yashikirijwe n'umushikiranganji w'ubudandaji, gutwara abantu n'ibintu, amahinguriro n'ingenzi

Mu ntumbero yo kuduza ubutunzi bw'igihugu, Reta yarashizeho Umugambi w'Igihugu w'iterambere.

Ishirwa mu ngiro ry'uwo mugambi rizotuma hubakwa ivya nkenerwa biteza imbere ubutunzi, harimwo n'amahinguriro.

Mu nkingi ya mbere y'uwo mugambi w'igihugu, hategekanywa guteza imbere ibifasha mu gutwara abantu n'ibintu, kugirango Uburundi bugwize imihora kandi hubakwe n'amabarabara y'indarayi afatanyaga Uburundi n'ibihugu bibanyu.

Akamaro ko gutwara abantu n'ibintu hakoreshejwe ibarabara ry'indarayi ni kanini cane ugereranije n'ubundi buryo busanzwe bukoreshwa.

Uburyo bw'indarayi butwara ibidandazwa vyinsi, burazimbutse, kandi amababara y'indarayi araramba, n'ibindi.

Uburundi bufise ubutare bwinshi bwa Nikere i Musongati, Waga na Nyabikere, arico gituma amashirahamwe menshi yipfuza kuza kubwimba ariko agahura n'ikibazo kijanye n'ingene ubwo butare bwoshikanwa ku masoko mpuzamakungu.

No mw'ishirahamwe ry'ibihugu vyo muri Afrika y'Ubuseruko baramaze kubona ko hakwiye gutezwa imbere ugutwara abantu n'ibintu hakoreshejwe ibarabara ry'indarayi.

Ni muri icyo ntumber Reta y'Uburundi, iya Repuburika ya Tanzaniya be n'iya Repuburika iharanira demokarasi ya Kongo zari ziyemeje kwubuka ibarabara ry'indarayi UVINZA – MUSONGATI – GITEGA – BUJUMBURA - UVIRA - KINDU aho hari mu masezerano y'umwumvikano yatewe ko umukono kw'igenekerezo rya 26 Ntwarante 2015 hagati y'ivyo bihugu bitatu kugirango biteze imbere ubutunzi n'imibano muri ivyo bihugu.

Mu ntumbero yo kubandaniriza hamwe uwo mugambi no kugirango iryo barabara ry'indarayi ryubakwe ku buhinga bumwe, birakenewe ko ivyo bihugu bishira umukono ku masezerano asubirira ayo yo mu mwaka w'2015 kuko yarengeje igihe cayo. Niyo ntumbero y'aya masezerano y'umwumvikano yashikirijwe.

Inama nshikiranganji imaze kwihweza icyo nteguro yashikirijwe, **yarayemeje** ahubwo icya isaba ko yokwihuta gutera intambwe yindi.

13. Utuntu n'utundi

Nyakwubahwa Icegera c'Umukuru w'Igihugu yarashimiye abashikiranganji ku bikorwa barangura, bikaba bibonekera no mu ngingo nziza bafata, haba nko mu ntwaro aho indongozi zigenza ukutariko zifatirwa ingingo, amahera yinjira mu kigega c'igihugu aguma yiyongera, canke imigambi minini minini igiye gutangura, aha twovuga nk'ahahora isoko nkuru ya Bujumbura hagiye kwubakwa imangazini nini cane, ibikorwa bikaba bigiye gutangura vuba, n'ibindi.

Yaramenyeshije kandi ko Abarundi bashimishijwe n'uko ibihano vy'agahotero vyari vyafatiwe Uburundi n'ishirahamwe ry'ibihugu vya Buraya vyafuswe.

Yashimishijwe kandi n'uko iryo kurwaho ry'ivyo bihano ryahuriranye n'igenwa ry'intumwa nshasha ya Papa aha mu Burundi, ivyo navyo bikaba ari ibigaragaza ko amahoro n'umutekano vyagarutse mu Burundi.

Yarongeye arashimishwa n'uko abigisha bahavuye bakigarura bakemera itunganywa ry'igikorwa co kubakarihiriza ubwenge.

Mu guheraheza, yaragarutse ku gikorwa ciza cakoze, aho ubu abashikiranganji bashobora guhanahana ibitabu vyo gukoresha canke bagahana amakuru ku buryo bworoshe bitarinze guca mu mpapuro, babicishije ku muhora washizweho.

Bujumbura, igenekerezo rya 17 Ruhuhuma 2022

Umunyamabanga Mukuru wa Reta akaba
n'Umuvugizi wayo

Prosper NTAHORWAMIYE